

**Enfòmasyon pou ane 2012 sou Matènèl
 pou fanmiy elèv ki gen andikap**

Novanm 2011

Lè pitit ou a ap sòti prematènèl pou ale nan Matènèl*, ou ka gen kesyon sou tip sèvis edikasyon espesyal ki disponib pou elèv ki gen laj pou ale lekòl, pwosesis tranzisyon, ak mezi ou bezwen pran pou jwenn yon plasman nan Matènèl pou pitit ou a. Nou espere enfòmasyon pi ba a ap ede w kòmanse fòmalitye yo. N ap tann konsa pou travay avèk ou pou fè yon tranzisyon fasil nan Matènèl.

- **Patisipe nan yon Reyinyon pou oryantasyon** : Nou fikse reyinyon oryantasyon sou Matènèl pou ba w enfòmasyon sou sèvis edikasyon espesyal ak pwosesis plasman, epi pou reponn kesyon w yo. Nou mete pou ou ak lèt sa a yon lis orè reyinyon yo, epi n ap ankouraje w patisipe.
- **Li Gid pou Oryantasyon an** : Gid sou Matènèl pou Oryantasyon fanmiy elèv ki gen andikap ap disponib sou entènèt nan :

<http://schools.nyc.gov/Academics/SpecialEducation/ParentResources/Enrollment>

Ou ka jwenn yon kopi tou nan Reyinyon pou Oryantasyon an oswa nan yon biwo Komite pou Edikasyon espesyal *Committee on Special Education* (CSE) :
 (<http://schools.nyc.gov/Academics/SpecialEducation/CSE/default.htm>).

Aplike nan lekòl yo : Tout elèv k ap antre nan Matènèl an Septanm 2012, elèv ki gen andikap tou, dwe patisipe nan Pwosesis Admisyon nan Matènèl. Gen plis chans pou pitit ou a ale nan lekòl ki aksepte l la atravè pwosesis sa a. Ou dwe kòmanse ranpli yon aplikasyon nan lekòl sektè ou abite a ak nan lòt lekòl ki enterese w ant 9 janvyè ak 2 mas.

Dat enpòtan pou Pwosesis Admisyon nan Matènèl

| | |
|---|-----------------------------|
| Peryòd Aplikasyon pou Matènèl | 9 janvyè 2012 – 2 mas 2012 |
| Lèt ba fanmiy pou di yo ki lekòl k ap ofri yo plas pou pitit yo | 19 mas 2012 – 23 mas 2012 |
| Peryòd pou fanmiy aksepte òf | 26 mas 2012 – 13 avril 2012 |

Pou jwenn plis enfòmasyon sou Pwosesis Admisyon nan Matènèl pou 2012-2013, tanpri al sou sit :

<http://schools.nyc.gov/ChoicesEnrollment/Elementary>

<http://schools.nyc.gov/Academics/SpecialEducation/ParentResources/Enrollment>

*Pou w kalifye pou admisyon nan Matènèl an Septanm 2012, elèv yo dwe gen senkan nan dat 31 desanm 2012 epi yo dwe abite nan Vil Nouyòk.



**Department of
Education**

Dennis M. Walcott, Chancellor

Novanm 2011

Chè fanmi,

Dapre dosye nou, ou gen yon pitit ki fèt an 2007 epi k ap resevwa sèvis edikasyon espesyal. Sa vle di li lè pou w kòmanse panse sou enskripsyon nan matènèl. Pou septanm 2012, Depatman Edikasyon *Department of Education*(DOE) ap enskri elèv matènèl ki gen plan edikasyon endividyèl(IEP) dapre pwosesis enskripsyon ki kouran pou tout elèv yo.

Pou yo ka ede w konprann kòman pwosesis la mache, epi pou garanti pitit ou a kòmanse lekòl nan anviwònman ki pi apwopriye a pou bezwen l, dis komite sou edikasyon espesyal *Committees on Special Education* (CSE) vil la ap fè sesyon oryantasyon nan zòn lan pou fanmi elèv ki gen andikap yo. CSE nan zòn lan se pral pwen kontak ou ak DOE pandan tranzisyon pitit ou a nan prematènèl pou l ale nan matènèl.

Nan pake sa a gen yon dokiman ki soti nan CSE zòn ou an ki bay lè ak jou egzat sesyon ki pi pre adrès lakay ou. Tanpri fè efò pou w patisipe nan yonn nan sesyon oryantasyon sa yo. (Pou w jwenn yon lis konplè oryantasyon yo nan vil la, tanpri gade <http://schools.nyc.gov/Academics/SpecialEducation/ParentResources/Enrollment.htm>).

Nan oryantasyon yo, gen manm estaf la k ap eksplike pwosesis evalyasyon an ak pwosesis enskripsyon an pou otòn pwochen. Y ap fè w konnen tou lè ak kote pou jwenn *open houses* nan lekòl yo ou ka vle vizite yo. Pa gen okenn rezon pou mennen pitit ou a nan sesyon oryantasyon an, men nou espere w ap la.

Ak senserite,

Jan McDonald, PhD
Direktè egzekitif
Komite pou edikasyon espesyal

Matènèl :
Yon gid pou oryante
Fanmi
Elèv ki gen andikap :
Ane akademik 2011-2012



Novanm 2011

Chè Fanmi,

Sòti nan prematènèl pou ale nan matènèl se kòmansman yon nouvo chapit enteresan nan lavi pitit ou. Nou konnen ou ka gen kesyon sou tranzisyon sa a, epi estaf nou a ap fè tout sa ki posib pou fè l yon eksperyans andousè ak reyisi pou oumenm ak pitit ou a. Gid oryantasyon sa a la pou enfòmè w sou pwosesis enpòtan sa a, epi pou reponn kesyon ou genyen.

Gid sa a ofri enfòmasyon pratik ou ka itilize pandan ane lekòl la. Patisipasyon ou kontinye ofri nan edikasyon pitit ou pral gen yon gwo enpak sou fason pitit ou a travay lekòl. N ap tann pou fòmè yon afilyasyon k ap bay pitit ou a yon eksperyans edikatif solid ak rich.

Avèk senserite,

Laura Rodriguez

Laura Rodriguez

Chanselye adjwen

Division of Students with Disabilities and English Language Learners

Tabmatyè

| | |
|--|---|
| Lèt Byenvni Chanselye Adjwen Laura Rodriguez ekri | 1 |
| Tabmatyè | 2 |
| Entwodiksyon | 3 |
| Kalandriye pou elèv ki gen laj pou ale lekòl ki pral resevwa sèvis Edikasyon espesyal..... | 4 |
| Dwa ou genyen pandand tranzisyon nan sèvis pou timoun ki gen laj pou ale lekòl..... | 6 |
| Kategori andikap..... | 7 |

Sèvis pou elèv ki gen laj pou ale lekòl

| | |
|---|----|
| Anviwònman ki gen mwens restriksyon <i>Least Restrictive Environment</i> (LRE)..... | 8 |
| Sèvis sipò pou deklasifikasyon..... | 8 |
| Edikasyon jeneral - Èd ak sèvis siplemantè..... | 9 |
| Sèvis yo ofri anmenmtan avèk sèvis Edikasyon espesyal <i>Related Services</i> | 9 |
| Sèvis pwofesè Edikasyon espesyal pou bay elèv sipò <i>Special Education Teacher Support Services</i> (SETSS)..... | 10 |
| Ko-ansèyman entegre <i>Integrated Co-Teaching</i> (ICT)..... | 11 |
| Sèvis pou klas espesyal..... | 11 |
| Lekòl Eta a sipòte..... | 13 |
| Ansèyman adomisil ak ansèyman nan lopital..... | 13 |
| Lòt sèvis Edikasyon espesyal..... | 14 |
| Plasman nan Matènèl..... | 15 |

Enfòmasyon sou jan pou kontakte lekòl la

| | |
|--|----|
| <i>Early Childhood Direction Centers</i> (ECDCs)..... | 16 |
| Sant paran pou Edikasyon espesyal | 16 |
| <i>Parent Training Information Centers</i> (PTICs)..... | 16 |
| Komite pou Edikasyon espesyal <i>Committee on Special Education</i> (CSEs) | 17 |

Se Odalys Rodriguez ki fè desen ki sou kouvèti Anyè sa a

Tit tablo a : Lekòl mwen Pwosedi li itilize pou fè tablo a : Pentil alo

Soumisyon ba NYC DOE pou ane 2010 Ann selebre Aktivite pou entegrasyon

Entwodiksyon

Gen dezan, Depatman Edikasyon Vil Nouyòk *New York City Department of Education* (NYCDOE) kòmanse yon refòm ki vize entegre plis elèv ki gen andikap nan lekòl yo ta ye a si yo pa te gen yon Plan edikasyon endividyèl *Individualized Education Program* (IEP), epi ki ogmante entèaksyon elèv sa yo avèk kamarad yo ki pa gen andikap pou amelyore rezilta yo.

Pandan twò lontan, edike elèv ki gen andikap te vle di souvan mete yo apa (*self-contained*) nan klas Edikasyon espesyal san kamarad yo ki nan klas Edikasyon jeneral. Poutèt sa, elèv ki gen andikap ta pase tout jounen an nan yon ti klas Edikasyon espesyal kote yo ta travay sou yon kourikoulòm ki pa ta prepare yo pou diplome nan lekòl segondè oswa pou reyisi nan kolèj oswa nan yon milye travay poutèt kourikoulòm lan ak estanda yo pa te menm avèk sa kamarad yo ki pa gen andikap te genyen.

Refòm lan raple nou ke Edikasyon espesyal se pa yon "klas" oswa yon "kote," men se yon gwo varyete sipò ak sèvis. IEP pitit ou a nan Matènèl ka gen diferan tip kou ak sèvis pou diferan moman nan jounen an. Paegzanp, yon elèv ki bezwen plis sipò pou li ka resevwa enstriksyon nan lekti nan anviwònman yon ti klas pase rès jounen an nan yon klas Edikasyon espesyal.

Poutèt refòm lan, apati ane eskolè 2012-2013, n ap atann pou tout lekòl kominotè ofri pifò timoun ki gen andikap sèvis. Kidonk, pwosesis pou fè pitit ou a fè tranzisyon pou l sòti nan prematènèl pou l ale nan matènèl ap gen de eleman ki enpòtan anpil :

Mizanplas IEP pou Matènèl : Si pitit ou a ap resevwa sèvis Edikasyon espesyal nan Prematènèl, y ap deziyen yon reprezantan DOE pou travay sou tranzisyon pitit ou a nan Matènèl. Nan pifò sitiyasyon, reprezantan DOE a ap yon sikològ lekòl la oswa yon asistan sosyal ki travay nan yon lekòl lokal oswa nan Komite pou Edikasyon espesyal *Committee on Special Education* (CSE). Reprezantan DOE a ap revize dosye pitit ou a, ki gen ladan l rapò sou pwogrè ke pwofesè Edikasyon espesyal pitit ou a nan klas matènèl ekri, epi l ap detèmine si yo dwe fè oswa pa dwe fè lòt evalyasyon (antwòt peryòd pou obsève konpòtman l nan salklas). Reprezantan DOE a apre ap fikse yon reyinyon IEP pou mete anplas IEP pitit ou a pou klas Matènèl. Pou w jwenn plis enfòmasyon sou tip sèvis nan Matènèl (pou timoun ki gen laj pou ale lekòl) y ap ofri, al gade paj 8-14.

Plasman nan klas Matènèl : *Tout* elèv k ap antre nan klas Matènèl, elèv ki gen andikap tou, dwe patisipe nan Pwosesis Admisyon nan Matènèl. Ou ranpli yon aplikasyon nan lekòl sektè kay ou ak nan tout lekòl ki enterese w pou kòmanse pwosesis sa a. Nan pifò ka, pitit ou a prale nan lekòl ki aksepte l atravè Pwosesis pou admisyon nan Matènèl, epi lekòl sa a ap bay pitit ou a sèvis yo mete nan IEP l pou Matènèl.

Nan sitiyasyon kote lekòl ki aksepte pitit ou a pa ka ofri l sèvis apwopriye, DOE ap voye fè w yon òf pou mete l nan yon lòt lekòl. Paegzanp, elèv ki bezwen yon pwogram espesyalize oswa yon pwogram nan yon lokal ki gen aksè pou moun nan chèz woulant, ap jwenn òf DOE pou mete yo nan yon lekòl ki ka akomode IEP yo.

Pou w jwenn plis enfòmasyon sou Plasman nan Matènèl, al gade paj 15.

**Peryòd pou tranzisyon nan
Sèvis Edikasyon Espesyal pou timoun ki gen laj pou ale lekòl**

| Kisa k ap rive onivo : Mizanplas IEP pou Matènèl | Kisa k ap rive onivo : Plasman nan klas Matènèl | Kilè |
|--|--|--|
| <p>1. NYCDOE ap fè reyinyon nan chak <i>borough</i> pou paran elèv prematènèl ki gen andikap pou eksplike yo pwosesis k ap fèt pandan tranzisyon pitit yo pou rantre nan yon pwogram matènèl. Pandan reyinyon sa yo, estaf DOE nan zòn ou an ap ba w tou yon apèsi sou sèvis Edikasyon espesyal yo, epi y ap reponn kesyon w yo. Reyinyon sa yo ap fèt nan mwa Novanm/Desanm, epi y ap fèt tou nan mwa Fevriye/Mas.</p> <p>2. Lekòl espesyalize (Distri 75) yo ap fè <i>open houses</i> pou yo ka wè diferan tip sèvis pou timoun ki gen laj pou ale lekòl ke lekòl sa yo ofri. (Distri 75 ofri pwogram espesyalize pou elèv ki gen seri twoub otis <i>autism spectrum</i>, ki gen reta pou konprann enfòmasyon pou regle konpòtman yo <i>cognitive delays</i>, ki gen pwoblèm emosyonèl grav, ki gen andikap onivo ògan sans yo, ak/oswa ki gen plizyè andikap.</p> <p>Lis reyinyon pou oryantasyon ak <i>open house</i> nan Distri 75 ap disponib sou sit wèb DOE a : http://schools.nyc.gov/Academics/Special Education/ParentResources/Enrollment oswa nan CSE ki nan rejyon lakay ou, oswa nan pwogram Edikasyon espesyal lekòl prematènèl pitit ou ye a.</p> | | <p style="text-align: center;">Novanm/ Desanm epi ankò nan mwa Fevriye/Mas</p> |
| <p>3. Komite edikasyon espesyal pou prematènèl <i>Committee on Preschool Special Education</i> (CPSE) ap rekòmande pitit ou a ba CSE a. W ap resevwa yon avi alekri kote yo di y ap bay pitit ou a referans pou sèvis. Ap gen yon sikològ oswa yon asistan sosyal ki nan yon lekòl zòn ou abite a oswa ki se yon manm CSE a k ap responsab fè tranzisyon pitit ou a.</p> | <p>1. Tout elèv k ap prepare pou rantre nan Matènèl pou septanm 2012, elèv ki gen andikap tou, ta dwe patisipe nan pwosesis admisyon pou Matènèl. Sa vle di ou ta dwe aplike nan lekòl sektè pa w la ansanm ak nan lòt lekòl ki enterese w yo. Peryòd aplikasyon an kòmanse nan mwa Janvyè. Lè w patisipe nan <i>open house</i> yo nan lekòl kominotè yo, mande pou wè diferan tip kou ki disponib pou elèv k ap resevwa sèvis Edikasyon espesyal.</p> | <p style="text-align: center;">Ivè</p> |

| | | |
|---|--|-------------------------|
| <p>4. DOE ap evalye enfòmasyon ki la yo (paegzanp rapò sou pwogrè pwofesè yo ak founisè sèvis ki mache avèk sèvis Edikasyon espesyal, evalyasyon) pou detèmine ki evalyasyon, si genyen, ki nesesè.</p> <p>5. Y ap fè w konnen si yo bezwen fè nouvo evalyasyon. DOE ka chwazi fè yon pwofesyonèl vin obsève salklas la sèlman oswa li ka fè nenpòt lòt evalyasyon ki egzijè pou w bay konsantman w. Ou ka mande tou pou DOE fè evalyasyon presi.</p> | <p>2. Lekòl kominotè ou te aplike pamwayen Pwosesis Admisyon nan Matènèl la ap kòmanse enfòmè fanmi yo sou òf matènèl yo nan mitan mwa mas.</p> | <p>Ivè/ Prentan</p> |
| <p>6. Y ap envite w nan yon reyinyon IEP pou decide si pitit ou a toujou bezwen sèvis edikasyon espesyal epi, si l bezwen, y ap devlope yon IEP pou elèv ki gen laj pou ale lekòl. Ou dwe pote yon kopi lèt kote yo di yo aksepte pitit ou a nan Matènèl (si w gen yonn). Si w pa dakò avèk rekòmandasyon an, ou gen dwa mande yon lòt reyinyon IEP, yon medyasyon, yon odisyon sanpatipri, oswa fè yon plent onivo Eta a.</p> | <p>3. Vè mitan mwa Avril, ou dwe enskri pitit ou a pou Matènèl nan yon lekòl ki aksepte pitit ou a atravè Pwosesis Admisyon nan Matènèl.</p> | <p>Prentan</p> |
| | <p>4. W ap resevwa yon Avi pou rekòmandasyon <i>Notice of Recommendation</i> kote y ap endike sèvis Edikasyon espesyal yo rekòmande ak lekòl kote y ap ofri w yo. Nan pitò sitiyasyon, se lekòl la k ap aksepte pitit ou a atravè Pwosesis Admisyon nan Matènèl. Si yo rekòmande pitit ou a nan yon lekòl espesyalize (Distri 75) oswa si lekòl ki aksepte pitit ou a pa ka ofri l sèvis apwopriye, w ap resevwa yon lòt òf plasman. Si w pa dakò ak lekòl yo mete l pou l ale a, ou dwe kontakte reprezantan ekip IEP distri a epi wè si ou ka mete w dakò avèk yo. Si w pa rive mete w dakò avèk yo, ou gen dwa mande yon lòt reyinyon IEP, yon solisyon fòmèl, yon medyasyon, yon odisyon sanpatipri oswa fè yon plent onivo Eta a.</p> | <p>Prentan/ Ete</p> |

Pandan ane a, lè lòt enfòmasyon vin disponib, n ap afiche yo sou sit wèb DOE a. Tanpri tcheke *link* sa a regilyèman pou w jwenn nouvo enfòmasyon :

<http://schools.nyc.gov/Academics/SpecialEducation/ParentResources/Enrollment>

Dwa ou genyen pandan tranzisyon nan sèvis pou elèv ki gen laj pou ale lekòl

Pandan pwosesis tranzisyon pou sèvis pou timoun ki gen laj pou ale lekòl, ou gen dwa pou :

- dakò ak nenpòt nouvo evalyasyon ke ekip IEP a deside ki obligatwa. Sepandan, si gen prèv ki montre yo te fè efò pou jwenn konsantman an epi ou pa reponn, yo ka fè evalyasyon yo san konsantman w. Ou gen dwa mande tou pou yo fè evalyasyon espesifik.
- pou w se yon manm egalego nan ekip IEP a ak pou patisipe kòm sadwa nan desizyon k ap pran avèk prezans ou nan tout reyinyon IEP yo. Pa egzannp dwa ou genyen pou mennen lòt moun ki gen konesans espesyal oswa ki se ekspè nan ka pitit ou a nan reyinyon yo pou ede nan pwosesis desizyon y ap pran yo.
- resevwa kopi rapò evalyasyon ak rapò pwogrè pitit ou avan reyinyon IEP a epi resevwa kopi IEP pitit ou a nan reyinyon IEP a.
- mande yon nouvo reyinyon ekip IEP, yon medyasyon, yon odyans sanpatipri oswa pote yon plent onivo Eta a, si w pa dakò ak nenpòt desizyon yo pran konsènan pitit ou a.
- deside, nenpòt lè, ekri CSE a oswa lekòl pitit ou a yon lèt pou di ou p ap bay konsantman w ankò pou tout pwogram Edikasyon espesyal ak sèvis yo.
- mete pitit ou a nan yon lekòl prive Depatman edikasyon Eta apwouve ki ofri yon plas nan yon pwogram apwopriye pou pitit ou a, si NYCDOE te rekòmande yon klas espesyal epi DOE pa ofri yon plasman apwopriye nan yon klas espesyal nan peryòd tan yo egzije a (sòfsi gen prèv ki montre se paran an ki anreta). Si w gen dwa pou yon lekòl prive ki apwouve, w ap resevwa yon lèt nan sans sa a, epi ou dwe jwenn yon lekòl apwopriye ki gen yon plas pou pitit ou a pou w sa itilize l. DOE ap kontinye chèche yon plas nan yon lekòl leta apwopriye pou pitit ou a.

Ba tout elèv ke CPSE idantifye kòm yon elèv prematènèl ki gen andikap, k ap gen 5 lane avan 31 desanm 2012, epi k ap rantre lekòl an Septanm 2012, lè yo :

| resevwa rekòmandasyon an : | yo dwe voye yon Avi rekòmandasyon : |
|-----------------------------------|--|
| Avan 1ye mas | 15 jen |
| apre 1ye mas, men avan 1ye avril | 15 jiyè |
| apre 1ye avril, men avan 10 me | 15 out |
| apre 11 me | nan peryòd yo tabli pou yon rekòmandasyon regilye (sa vle di 60 jou lekòl apati dat rekòmandasyon an). |

Sa vle di, si pitit ou a pa resevwa sèvis Edikasyon espesyal depi Fevriye oswa anvan, DOE dwe voye yon Avi pou rekòmandasyon anvan 15 jen. Avi sa a ap presize sèvis y ap ofri pitit ou a ep l ap endike lekòl kote pitit ou a ap resevwa sèvis sa yo. Nan pitò sityasyon, se lekòl la k ap aksepte pitit ou a atravè Pwosesis Admisyon nan Matènèl.

Anplis, si w mande pou yo evalye pitit ou a ankò, ou gen dwa pou w jwenn sèvis yon pwofesyonèl ki pa travay nan DOE pou fè evalyasyon an, ke NYCDOE peye si Depatman an pa fè evalyasyon pou pitit ou a nan peryòd sa a (sòfsi gen prèv ki montre se paran an ki anreta) :

| Si yo te resevwa demann pou fè yon lòt evalyasyon : | yo dwe fè evalyasyon an : |
|--|---|
| Avan 1ye mas | 1ye jen |
| apre 1ye mas, men avan 1ye avril | 1ye jiyè |
| apre 1ye avril, men avan 10 me | 1 out |
| apre 11 me | 60 jou lekòl apati dat rekòmandasyon an |

Menmsi DOE fè lòt evalyasyon an atan, ou gen dwa pou jwenn yon evalyasyon endepandan si w pa dakò ak evalyasyon Depatman an fè a. Ou dwe avize DOE ke w fè demann lan alekri. Depatman an ap swa dakò peye pou yon evalyasyon endepandan an, swa l ap kòmanse yon odyans sanpatipri pou montre evalyasyon yo te kòrèk.

Anfen, ou gen dwa pou kite pitit ou a nan lekòl oswa nan pwogram li ye kounye a pandan w ap chèche yon antant oswa yon odyans sanpatipri. Sa vle di yon elèv prematènèl ka rete nan lekòl li ye a epi resevwa sèvis li yo jiskaske pwoblèm lan rezoud. Si w panse rekòmandasyon ekip IEP a ak pwogram prematènèl pitit ou a pa yon pwogram yo apwouve pou timoun ki gen laj pou ale lekòl, DOE ak oumenm dwe diskite opsyon ki apwopriye pou pitit ou a. Si oumenm ak DOE pa rive dakò, fonksyonè ki responsab odyans lan ap deside sou plasman pitit ou a pandan y ap fè odyans lan.

Yo dekri plis dwa sa yo ak lòt dwa nan *Gid Paran pou Edikasyon espesyal*, disponib nan <http://schools.nyc.gov/Academics/SpecialEducation/ParentResources/default.htm>, ak *Avi sou pwosedi pou w defann dwa w Procedural Safeguards Notice*, disponib nan <http://www.p12.nysed.gov/specialed/publications/policy/coverpsqn109.htm>.

Kategori andikap nan Lwa sou Edikasyon espesyal Eta Nouyòk

Yo dwe idantifye elèv ki gen laj pou al lekòl ki bezwen sèvis espesyal pou yonn nan andikap sa yo ki afekte pèfòmans akademik elèv la, dapre rapò evalyasyon ak rapò sou pwogrè elèv la.

| Andikap | Deskripsyon |
|---------------------|---|
| Otis | Yon andikap onivo devlopman ki afekte anpil kominikasyon oral ak kominikasyon ekri ak entèaksyon sosyal ke moun ka detekte anjeneral anvan laj 3 lane. |
| Soud-avèg | Yon pèt grav kapasite pou tande ak wè amenmtan. |
| Soud | Yon pwoblèm pou tande ki tèlman grav ke elèv la gen pwoblèm pou analize enfòmasyon lengwistik lè l ap eseye tande sa y ap di l, avèk oswa san aparèy pou moun soud (anplifikatè). |
| Twoub emosyonèl | Gwo pwoblèm nan domèn sosyo-emosyonèl sou yon peryòd tan long nan pwen ke aprantisaj afekte yon fason negatif. |
| Pwoblèm pou tande | Yon pèt anpati oswa total kapasite pou tande. |
| Andikap entelektyèl | Gwo limitasyon nan kapasite entelektyèl ak nan konpòtman pou adaptasyon. |
| Andikap pou aprann | Yon pwoblèm ki gen pou wè ak fason pou analize enfòmasyon ki lakoz difikilte pou konprann sa y ap di l, pou l panse, pou l li, pou l ekri ak/oswa fè kalkil matematik. |
| Andikap miltip | Prezans de oswa plizyè andikap anmenmtan nan pwen ke timoun lan gen bezwen edikatif grav yo pa ka satisfè nan yon pwogram pou yonn nan andikap yo. |
| Defòmasyon fizik | Yon limitasyon fizik grav ki afekte kapasite pou fè mouvman oswa pou fè aktivite fizik. |
| Lòt twoub sante | Yon maladi oswa yon pwoblèm sante tèlman grav ki afekte |

| | |
|-------------------------------------|---|
| | aprantisaj yon fason negatif. |
| Pwoblèm diksyon oswa pwoblèm langaj | Yon pwoblèm ki gen pou wè avèk fason pou kominike son langaj avèk presizyon oswa pwoblèm pou itilize langaj pou kominike kòrèkteman. |
| Chòk ki pwovoke twoub nan sèvo | Yon twoub medikal ki endike yon domaj serye nan sèvo ki parèt apre yon aksidan oswa yon chòk; efè andikap sa a varye anpil men li ka afekte aprantisaj, konpòtman, ladrès sosyal ak langaj. |
| Pwoblèm vizyon, tankou avèg | Yon pèt anpati oswa total kapasite pou wè. |

Sèvis pou elèv ki gen laj pou ale lekòl

Anviwònman ki gen mwens restriksyon *Least Restrictive Environment (LRE)*

Objektif nou se edike timoun ki gen andikap nan lekòl ki nan sektè yo abite ansanm avèk kamarad yo ki byen devlope depi gen posiblite. Kidonk, ekip IEP a dwe konsidere dabò si yo ka satisfè bezwen pitit ou a nan yon yon klas Edikasyon jeneral. Yo konsidere lòt anviwònman, tankou ti klas espesyal oswa lekòl espesyal sèlman pitit ou a pa ta kapab fè pwogrè remakab nan yon klas Edikasyon jeneral, menm lè yo bay li sipò ak sèvis pou ede l.

Nou dekri pi ba yon seri sèvis *continuum of services* nou ofri elèv ki gen andikap. Pou satisfè bezwen endividyèl elèv yo, yo ka itilize sèvis yo anmenmtan epi yo ka itilize yo tout jounen an oswa sèlman pou kèk matyè. Paegzanp, pitit ou a ka bezwen sipò yon pwofesè Edikasyon espesyal nan yon ti gwoup pou yonn oswa de matyè, men li ka patisipe nan yon klas Edikasyon jeneral pou rès jounen an. Pwofesè Edikasyon espesyal la ka travay tou avèk pwofesè Edikasyon jeneral la pou ede l satisfè bezwen pitit ou a nan yon salklas Edikasyon jeneral.

Lekòl yo dwe bay elèv yo tou opòtinite pou patisipe nan aktivite ki pa nan kourikoulòm debaz la ak nan aktivite ki pa gen pou wè ak aktivite akademik (paegzanp edikasyon fizik, rekreyasyon, aktivite apre-lekòl) avèk elèv ki pa gen andikap.

1- Sèvis sipò pou deklasifikasyon

Gen kèk timoun ki pa bezwen ankò sèvis Edikasyon espesyal lè yo rantre nan Matènèl. Yo "deklase" timoun sa yo, epi y ap rantre nan yon klas Edikasyon jeneral san sèvis Edikasyon espesyal. Sepandan, DOE ka ofri timoun lan sèvis dirèkteman oswa pwofesè l pou l ka sipòte timoun k ap fè tranzisyon nan Edikasyon jeneral pandan premye ane l nan yon anviwònman Edikasyon jeneral atan plen. Nan sèvis sa yo genyen, men se pa sa sèlman : sipò pou ansèyman, redrèsman, akomodasyon ak modifikasyon nan ansèyman, ak sèvis endividyèl oswa angwoup yo ofri avèk sèvis Edikasyon espesyal, tankou terapi pou pwononsyasyon oswa pou bay konsèy.

Lè yon ekip IEP rekòmande pou deklasifye yon timoun poutèt timoun lan pa kalifye ankò pou sèvis Edikasyon espesyal, ekip la dwe defini ki sèvis, si genyen, timoun lan ap bezwen.

2- Edikasyon jeneral avèk Èd ak Sèvis siplemantè

Avan yo rekòmande sèvis pou klas espesyal yo, ekip IEP a dwe toudabò konsidere tout seri èd ak sèvis siplemantè yo ka ofri timoun lan pou kore patisipasyon l nan salklas Edikasyon jeneral pou edike l avèk elèv ki pa gen andikap otank posib.

Yo ka ofri nan sèvis siplemantè yo, men se pa sa sèlman, materyèl, aparèy ak ekipman pou adaptasyon elèv nan salklas Edikasyon jeneral la :

➤ **Entèvansyon oswa Plan sipò onivo Konpòtman** : Yo dwe fè pou timoun ki gen yon konpòtman ki anpeche l aprann, yon evalyasyon konpòtman fonksyonèl *Functional Behavioral Assessment* (FBA) li pou detèmine ki konpòtman ki bay pwoblèm nan lekòl la pou konsidere konpòtman sa yo. Yo itilize yon FBA pou mete anplas yon plan pou entèvni onivo konpòtman *Behavior Intervention Plan* (BIP), ki dekri estrateji espesifik y ap itilize pou ede elèv la vin gen plis konpòtman pozitif.

➤ **Akomodasyon** fèt pou bay yon elèv aksè nan menm kourikoulòm yo bay kamarad parèy li yo. Kèk egzanp akomodasyon se itilizasyon kasèt, liv yo ekri avèk gwo karaktè, materyèl *Braille*, kalkilatri, teknoloji *text-to-speech* oswa *word processor*. Yo itilize akomodasyon pou ansèyman ak tès anmenmtan.

➤ **Modifikasyon** chanje kourikoulòm yo anseye elèv la lè yo modifye sa y ap anseye yon elèv oswa lè yo chanje nivo difikilte sa y ap anseye l la. Egzanp modifikasyon se retounen konsidere rezilta yo te planifye a oswa kontni yon devwa.

Ka gen tou nan èd ak sèvis siplemantè, men se pa sa sèlman, sèvis divès manm pèsònèl tankou founisè pou ofri sèvis yo bay ansanm avèk sèvis Edikasyon espesyal *related services*, pwofesè edikasyon espesyal, ak parapwofesyonèl. Yo ka konbine èd ak sèvis siplemantè yo divès fason depann bezwen endividyèl elèv la. Al gade paj 14 pou w jwenn enfòmasyon sou lòt sèvis Edikasyon espesyal ki ka ede yon timoun patisipe nan yon klas Edikasyon jeneral.

3- Related Services Sèvis yo ofri avèk Sèvis Edikasyon espesyal

Related services se sèvis ansèyman, devlopman, disiplin, ak lòt sèvis sipò ki nesèsè pou ede yon timoun ki gen andikap benefisye lè y ap ansèye l. *Related services* pou yon timoun ka chanje lè l fini Matènèl piske bezwen l yo chanje. *Related services* ka reprezante sèl sèvis Edikasyon espesyal yo bay pitit ou a, oswa yo ka ofri l yo ansanm ak lòt sèvis Edikasyon espesyal tankou sèvis klas espesyal. Men yon lis *Related services* :

Konsèy Counseling fèt pou amelyore fonksyonman sosyal ak emosyonèl nan domèn konpòtman, disiplin, kontwòl tèt, solisyon konfli, izòlman oswa dezòd, degou moun lan pou tèt li, oswa kapasite minimòm pou adaptasyon sikolojik ki gen anpil efè sou aprantisaj. Si yon elèv bezwen sèvis nan men yon founisè patikilye (paegzanp konseye pedagogik, sikològ lekòl, oswa asistan sosyal), IEP a dwe endike sa.

Sèvis Edikasyon pou elèv ki gen pwoblèm pou tande Hearing Education Services ofri sesyon aprantisaj pou pwononsyasyon, lekti, trening pou tande, ak devlopman langaj pou ranfòse amelyorasyon ladrès pou elèv la kominike lè l ap pale/koute sa y ap di l.

Occupational Therapy ofri yon pwogram aktivite byen presi ki fèt pou mentni, amelyore, oswa restore kapasite pou adaptasyon ak kapasite pou fonksyonman tankou kapasite pou koòdone mouvman ak kapasite pou kominike nan tout aktivite ki gen pou wè ak edikasyon.

Sèvis pou Oryantasyon ak Sèvis pou deplasman Orientation and Mobility Services ede elèv konprann pi byen konsèp espas ak konsèp anviwònman, ak fason l itilize enfòmasyon li

resevwa atravè ògan sans li yo (sètadi, son, tanperati, vibrasyon) pou tabli, mentni ak rejwenn oryantasyon ak wout pou sikile. Se elèv ki gen pwoblèm vizyon yo bay sèvis sa yo.

Oryantasyon ak Trening pou Paran Parent Counseling and Training ede paran konprann bezwen espesyal pitit yo, bay paran enfòmasyon sou devlopman timoun, epi ede paran vin genyen ladrès nesèsè pou ede yo aplike IEP pitit yo. Anjeneral yo ofri l kòm yon pati nan pwogram paran timoun ki nan klas espesyal kote gen yon kantite 8 elèv pou 1 pwofesè ak 1 parapwofesyonèl, 6 elèv pou 1 pwofesè ak 1 parapwofesyonèl ak 12 pwofesè pou 1 elèv ak 4 parapwofesyonèl. Sa yo pa sèvis oryantasyon pou adilt epi yo pa fèt pou satisfè bezwen pèsònèl oswa edikatif paran.

Terapi fizik Physical Therapy se aktivite pou mentni, amelyore, oswa restore fonksyon tankou devlopman gwo mis moun itilize pou kontwòle tout pati nan kò yo lè y ap fè mouvman oswa lè y ap repoze, deplasman, ekilib, ak ajansman mouvman nan divès anviwònman tankou, men se pa sèlman sa, salklas, jimnastik, twalèt, lakou rekreyasyon, eskalye, ak tranzisyon pou sòti nan yon salklas pou ale nan yon lòt ant kou yo.

Sèvis Sante nan lekòl School Health Services se yon enfimyè lekòl la oswa yon parapwofesyonèl ki konsidere bezwen sante espesifik yon elèv dapre prèv doktè timoun voye pou garanti yon anviwònman edikasyon sennesòf.

Pwononsyasyon/Terapi langaj konsidere fason zòrèy yon moun tandè (sa vle di, fason li konprann son ak langaj), kapasite pou l pwononse/kapasite pou konprann son, konpreyansyon l, ak itilizasyon sentaks, konpozant sikolojik ak sosyolojik ki aji lè moun ap itilize siy lengwistik *pragmatics*, pwodiksyon vwa, ak fasilite pou pale.

Sèvis Edikasyon onivo vizyon Vision Education Services se sèvis ki la pou ofri ansèyman ak fason pou itilize Braille, Nemeth Code, gwo karaktè, aparèy optik ak aparèy ki pa optik pou moun vi gen vizyon fèb ak lòt ladrès nesèsè pou atenn kapasite akademik, sosyal, pwofesyonèl ak adaptasyon nan lavi, *literacy* ak aprantisaj enfòmasyon lè yo itilize estrateji pou touche, wè ak tandè.

Yo endike tout *Related Services* yo rekòmande nan IEP pitit ou a. Yo endike tou nan IEP a kantite fwa pa semèn oswa pa mwa pitit ou a ta dwe resevwa sèvis la (frekans), longè sesyon an (dire), kantite elèv nan gwoup la omaksimòm (si yo ka ofri pitit ou a sèvis angwoup), nan lang yo dwe bay sèvis la, epi si y ap ofri sèvis la nan salklas pitit ou a oswa si se nan yon sal apa (kote).

4- Sèvis Pwofesè Edikasyon espesyal k ap bay elèv sipò Special Education Teacher Support Services (SETSS)

SETSS vle di ansèyman siplemantè yo fè espesyalman yon pwofesè Edikasyon espesyal ofri. SETSS la pou ede yon timoun rete nan salklas Edikasyon jeneral pandan l ap resevwa sèvis atan pasyèl nan men yon pwofesè edikasyon espesyal. Pwofesè Edikasyon espesyal ka travay dirèkteman ak pitit ou a pou ede l patisipe nan salklas Edikasyon jeneral, oswa nan yon sal apa, epi ofri l ansèyman ki fèt ak/oswa ansèyman siplemantè ki fèt espesyalman pou pitit ou a. Yo ka mete nan sèvis yo akomodasyon oswa modifikasyon matyè y ap anseye a oswa itilizasyon diferan metòd ansèyman, tankou èd vizyèl, fèy kesyon yo souliye ak/oswa eksplikasyon senplifye. Pwofesè Edikasyon espesyal la ka travay tou endirekteman ak pwofesè Edikasyon jeneral pitit ou a pou adapte anviwònman aprantisaj la ak/oswa adapte teknik ak metòd ansèyman yo pou satisfè bezwen endividyèl pitit ou a.

➤ Yo ka ofri SETSS nan salklas Edikasyon jeneral, nan yon sal apa andeyò salklas Edikasyon jeneral la oswa nan nenpòt fason yo ka ajanse lokal yo.

- Lè yo fè sesyon angwoup, SETSS pa ka gen plis pase uit elèv alafwa.
- Yo ka fè SETSS pou dezè pa semèn ak pandan 50 % tan lekòl chak jou.
- Yo dwe endike nan IEP pitit ou a kantite peryòd chak jou y ap bay sèvis yo, si y ap bay pitit ou a sèvis yo dirèkteman ak/oswa endirèkteman atravè pwofesè Edikasyon jeneral la ak kote y ap ofri sèvis yo.
- Founisè Distri 75 ka ofri sèvis SETSS nan kèk nan lekòl nou yo. Jeneralman se nan yon lekòl espesyalize Distri 75 ke yo ofri elèv ki te deja resevwa sèvis Edikasyon espesyal nan yon klas espesyal sèvis sa yo.

5- Ko-ansèyman entegre *Integrated Co-Teaching* (ICT)

Nan salklas *Integrated Co-Teaching* (ke yo te rele avan CTT ki vle di ansèyman gwoup pwofesè k ap kolabore *Collaborative Team Teaching*), de pwofesè edike elèv ki gen andikap yo ansanm ak elèv ki pa gen andikap : yon pwofesè Edikasyon jeneral ak yon pwofesè Edikasyon espesyal. Pwofesè yo travay ansanm pou akomode ak modifye ansèyman pou elèv yo, epi fè sèten tout klas la gen aksè nan kourikoulòm Edikasyon jeneral la. Timoun k ap resevwa sèvis *Integrated Co-Teaching* ka resevwa tou *related services*, ekipman teknolojik pou ede moun ki gen andikap, sèvis parapwofesyonèl, oswa lòt èd ak sèvis siplemantè.

Yo ka ofri *Integrated Co-Teaching* atan plen oswa pou matyè espesifik. Si yo ofri l atan pasyèl, yo dwe endike sa nan IEP pitit ou a, pou di aklè kantite peryòd chak jou l ap resevwa sèvis la.

6- Klas espesyal

Yon klas espesyal se yon klas ki fèt ak elèv ki gen andikap sèlman. Gen nan klas espesyal yo diferan nivo kantite pèsonèl ke yo ofri dapre bezwen akademik elèv ak/oswa nesosite pou jesyon elèv. Efektif maksimòm klas espesyal yo ka varye ant sis rive douz elèv pou elèv lekòl primè. Kantite estaf pou klas espesyal ap yon pwofesè Edikasyon espesyal epitou ka gen petèt yonn jiska kat parapwofesyonèl. Si pitit ou a bezwen pi gwo kantite adilt pou sipèvizè l regilyèman pou l apran, y ap rekòmande l yon pi gwo pousantaj estaf/elèv pou sèvis li. Yo dwe mete nan IEP pitit ou a pousantaj estaf ke ekip IEP pitit ou a detèmine ki pi apwopriye pou pitit ou a.

Yo ka ofri klas espesyal nan yon lekòl kominotè (sa vle di yon lekòl sektè) atan plen oswa pou matyè espesifik. Si yo ofri l atan pasyèl, yo dwe endike sa espesyalman nan IEP pitit ou a, pou di aklè kantite peryòd chak jou l ap resevwa sèvis la.

Chak anviwònman sa yo diferan dapre opòtinite yo ofri pou edike pitit ou a avèk timoun ki pa gen andikap.

Lekòl kominotè *Community schools* ofri plis opòtinite pou pitit ou a pase tan avèk kamarad li ki nan klas Edikasyon jeneral.

Pwogram nan lekòl leta espesyalize pou elèv ki gen andikap (Distri 75)

Nan NYC, lekòl leta espesyalize yo pou elèv ki gen andikap ofri sèvis ansèyman espesyalize ak anviwònman espesyalize pou elèv ki gen *autism*, ki gen gwo reta pou aprann, pwoblèm

emosyonèl, twoub onivo ògan sans yo, ak/oswa plizyè andikap. Lekòl leta espesyalize sa yo nan estrikti òganizasyon an ke yo rele Distri 75.

Kou nan lekòl espesyalize leta Distri 75 yo fèt swa nan bilding lekòl ki gen elèv ki gen andikap sèlman *self-contained* swa nan divès lekòl kominotè nan Vil la. Paegzanp, lè w wè yon klas Distri 75 nan “P4@P15,” P4 se pwogram Distri 75 ki nan P15, ki se lekòl kominotè a. Lekòl espesyalize Distri 75 yo ofri sèvis klas espesyal atan plen. Jeneralman, lekòl espesyalize leta yo ofri mwens opòtinite pou entegre elèv ki gen andikap nan klas kamarad yo ki pa gen andikap. Gen opòtinite pou entegrasyon ak enklizyon elèv ki gen andikap avèk elèv ki pa gen andikap dapre IEP timoun lan ak sipò estaf nan Distri 75.

Nou mete pi ba deskripsyon divès pousantaj estaf/elèv pou klas espesyal ki nan lekòl kominotè ak/oswa kou Distri 75 :

Pousantaj nan klas espesyal 12:1

- Pa plis pase douz (12) elèv pa klas
- Yon pwofesè Edikasyon espesyal atan plen

Se yon plasman pou elèv ki gen bezwen akademik ak/oswa bezwen jesyon konpòtman ki egzije ansèyman espesyalize nan yon anviwònman pou timoun ki gen andikap sèlman *self-contained*.

Pousantaj nan klas espesyal 12:1:1

- Pa plis pase douz (12) elèv pa klas
- Yon pwofesè Edikasyon espesyal atan plen
- Yon parapwofesyonèl atan plen

Se yon plasman pou elèv ki gen bezwen akademik ak/oswa kontwòl konpòtman ki deranje klas la pandan peryòd ansèyman, epi ki egzije sipò adilt anplis ak ansèyman espesyalize ke yo ka reyalize pi byen nan yon anviwònman *self-contained*.

Pousantaj nan klas espesyal 8:1:1

- Pa plis pase uit (8) elèv pa klas
- Yon pwofesè Edikasyon espesyal atan plen
- Yon parapwofesyonèl atan plen

Se yon plasman pou elèv ki bezwen sipèvizyon entansif tout tan, anpil atansyon endividyèl, entèvansyon ak kontwòl konpòtman entansif ansanm ak sipò adilt anplis.

Pousantaj klas espesyal 6:1:1

- Pa plis pase sis (6) elèv pa klas
- Yon pwofesè Edikasyon espesyal atan plen
- Yon parapwofesyonèl atan plen

Klas sa yo sèvi elèv ki gen gwo bezwen nan pifò oswa nan tout domèn tankou fòmasyon akademik, devlopman sosyal ak/oswa devlopman relasyon avèk lòt moun, devlopman fizik, ak kontwòl. Yo konsidere konpòtman elèv kòm agresif, danjre pou tèt li oswa twò izole ki gen difikilte onivo aprantisaj ak jeneralizasyon konpetans nan langaj ak devlopman ladrès sosyal. Elèv sa yo bezwen pwogramasyon endividyèl entansif, sipèvizyon adilt tout tan, anjeneral yon pwogram kontwòl konpòtman espesyalize pou angaje yo nan tout travay, ak

yon pwogram terapi pou pwononsyasyon/langaj (kote yo ka fè yo itilize yon sistèm kominikasyon pou moun andikape).

Pousantaj nan klas espesyal 12:1:4

- Pa plis pase douz (12) elèv pa klas
- Yon pwofesè Edikasyon espesyal atan plen
- Yon manm estaf anplis (parapwofesyonèl) pou chak twa elèv

Se yon klas k ap sèvi elèv ki gen gwo andikap oswa plizyè andikap ki pa pale byen, ki gen fonksyonman akademik limite epi ki pa ka fonksyone pou kont li. Elèv sa yo egzije yon pwogram prensipalman pou readapte yo ak tounen edike yo, epi trete yo paegzanp pou bay yo trening pou gen konpetans pou viv chak jou, devlopman ladrès pou kominike, estimilasyon ògan sans yo, ak entèvasyon pamwayen terapi.

7- Lekòl Eta a sipòte State-Supported Schools

Lekòl Eta a sipòte (ke yo rele tou lekòl 4201) ofri sèvis Edikasyon espesyal entansif pou timoun ki soud, avèg, ki gen twoub emosyonèl grav oswa ki gen andikap fizik, epi pou timoun ke CSE klase kòm elèv ki elijib pou tip pwogram sa a. Kèk lekòl Eta a sipòte, ofri swen rezidansyèl pou senk jou pou elèv ki egzije 24 èdtan pwogramasyon senk jou pa semèn.

Lekòl prive Depatman edikasyon Eta Nouyòk New York State Education Department (NYSDE) apwouve (Lajounen)

Lekòl prive Eta Nouyòk apwouve yo ofri pwogram pou timoun ke yo pa ka satisfè bezwen edikatif nan yon pwogram lekòl leta. Se elèv ki gen andikap sèlman ki nan lekòl SED yo kidonk yo pa gen opòtinite pou edike yo ansanm ak timoun ki pa gen andikap. Yon lekòl prive SED ka aksepte sèlman yon timoun si li ka ofri sèvis yo rekòmande nan IEP l la.

Lekòl prive NYSDE apwouve (Rezidansyèl)

Lekòl rezidansyèl yo se anviwònman ki ofri pwogramasyon entansif nan salklas ak nan yon anviwònman estriktire pou viv nan lokal yon lekòl 24 èdtan pa jou. Pwogram sa a se pou timoun ki gen tèlman gwo bezwen edikatif ke yo egzije entèvasyon pou 24 èdtan. NYSDE apwouve lekòl rezidansyèl yo epi yo sitiye nan NYS ak nan eta ki pre ak NYS.

8- Ansèyman adomisil ak nan lopital Home and Hospital Instruction

Sa yo se sèvis edikatif yo bay timoun ki gen andikap ki pa kapab ale nan lekòl pou yon peryòd tan pwolonje. Anjeneral, yo tanporè epi yo bay yo jiskaske elèv la kapab tounen lekòl oswa nan ka ansèyman nan lopital jiskaske timoun lan kite lopital la. Yo ka rekòmande sèvis sa yo pou yon timoun ki gen gwo pwoblèm medikal oswa emosyonèl ki anpeche l ale lekòl jiskaske pwoblèm yo rezoud. Anplis, yo ka rekòmande yo pou yon elèv k ap tann yo jwenn pou li yon anviwònman espesyalize ki poko disponib.

Si yo rekòmande pitit ou ansèyman adomisil ak ansèyman nan lopital, li gen dwa pou yo bay li yon minimòm 1èdtan ansèyman pa jou lè l lekòl primè. Se ekip IEP a k ap deside kantite èdtan, longè sesyon yo, ak kantite fwa pa semèn y ap ofri sèvis yo dapre bezwen endividyèl pitit ou a.

Sèvis parapwofesyonèl

Kèk timoun ki gen andikap ka bezwen sèvis sipò yon parapwofesyonèl patikilye pou tout jounen oswa yon pòsyon nan jounen an pou konsidere bezwen endividyèl yo ak pou pèmèt yo benefisye ansèyman an. Anplis lòt bagay, yo ka deziyen yon parapwofesyonèl paegzanp yon :

- parapwofesyonèl sante
- parapwofesyonèl pou kontwòl konpòtman
- parapwofesyonèl espesyal pou transpò (si konpòtman, kondisyon fizik oswa kondisyon medikal pitit ou a nan otobis la pou ale lekòl ak tounen lakay li prezante yon danje pou li ak pou lòt moun.)

Yo ka deziyen parapwofesyonèl tou kòm entèprèt pou langaj siy ameriken itilize pou kominike, kòm entèprèt oswa kòm *cued speech translator* (CST) pou oryantasyon ak deplasman.

Sipò yon parapwofesyonèl yo mete nan salklas Edikasyon jeneral ka nesesè pou pitit ou a pou ede l adapte l ak travay ak devwa yo epi pou bay li ranfòsman ak ansèyman an tigwoup. Menm nivo sipò a ka pa nesesè nan tout sityasyon pou pitit ou a. Yon timoun ka bezwen sipò nan Matematik men li gen dwa pa bezwen sipò pandan rès jounen an. Yo dwe endike sipò yon parapwofesyonèl kòm yon èd ak sèvis siplemantè nan salklas Edikasyon jeneral nan IEP pitit ou a, epi IEP a dwe presize kantite peryòd pa jou oswa pa semèn sipò a nesesè.

Ekipman teknolojik ak Sèvis pou ede moun ki gen andikap

Ekipman teknolojik pou sipò se tout ekipman, pwodui oswa sistèm ke yo itilize pou ogmante, konsève, oswa amelyore kapasite fonksyonman yon timoun ki gen andikap (paegzanp aparèy pou kominikasyon, *unit* FM, aksè nan konpitè). Sèvis Ekipman teknolojik pou sipò se nenpòt sèvis ki ede dirèkteman yon timoun ki gen andikap chwazi, vin genyen, oswa itilize yon aparèy teknolojik pou sipò. Yo dwe endike tout teknoloji oswa sèvis sipò pitit ou a bezwen nan IEP l. Si w panse pitit ou a bezwen teknoloji sipò, ou ka mande yon evalyasyon pou teknoloji sipò.

Edikasyon fizik adapte

Edikasyon fizik adapte se yon pwogram ki fèt espesyalman pou aktivite devlopman, jwèt, espò, ak rit ki adapte ak bagay ki enterese chak timoun ki gen andikap, kapasite ak limit timoun lan ki ta ka pa patisipe sandanje oswa avèk siksè nan aktivite pwogram edikasyon fizik regilye a. Yo ka rekòmande yon elèv pou edikasyon fizik adapte lè andikap li anpeche kapasite l pou l fè aktivite ki nan pwogram edikasyon fizik regilye a.

Sèvis ane lekòl ki gen douz mwa

Yo ka ofri sèvis ane lekòl ki gen douz mwa pou elèv ki gen andikap y ap edike nan nenpòt anviwònman ki gen elèv ki gen andikap ki egzije pou yo kontinye resevwa sèvis edikasyon espesyal pou yo ka anpeche yo fè gwo reta pandan ete a.

Transpò pou elèv Edikasyon espesyal

Ekip IEP ap bezwen wè dokiman doktè pitit ou a bay li pou eksplike bezwen l pou akomode l pou mwayen transpò espesyal. Ekip IEP a ap konsidere tout dokiman doktè ou bay li pou detèmine si tip andikap pitit ou a egzije mwayen transpò espesyal (paegzanp kantite tan limite pou trajè nan otobis oswa otobis ki gen asansè pou chèz woulant).

Plasman nan klas Matènèl

Lekòl kominotè : Apati ane lekòl 2012-2013, n ap atann pou tout lekòl kominotè ofri pifò timoun ki gen andikap sèvis. Kidonk, li enpòtan anpil pou w patisipe nan Pwosesis Admisyon nan Prematènèl menm jan ak paran elèv ki pa gen andikap. Si yo rekòmande pitit ou a pou klas ak sèvis nan yon "lekòl kominotè," gen anpil chans pou pitit ou a ale nan lekòl ki aksepte l la atravè Pwosesis Admisyon nan Matènèl. Biwo pou enskripsyon elèv *Office of Student Enrollment (OSE)* ap ofri **sèlman sèvis yon lòt lekòl si lekòl ki aksepte pitit ou a pa ka ofri l yon pwogram apwopriye.**

Ou ka kòmanse aplike nan lekòl ki nan sektè lakay ou ak nan lòt lekòl ki enterese w an Janvyè. Li enpòtan pou w sonje ke lekòl sektè yo bay elèv ki abite nan zòn li a priyorite. Lekòl yo ap deziyen ki elèv pou bay yon plas dapre priyorite sa yo, ke n ap site apati pi gwo priyorite pou rive nan pi piti priyorite.

1. Elèv ki abite nan sektè yon lekòl ki gen yon sè oswa frè *sibling* ki nan klas 1ye ane jiska klas 5yèm ane nan lekòl la pandan ane akademik 2012-13;
2. Tout lòt elèv ki nan zòn nan;
3. Elèv ki abite nan distri lekòl la men ki pa nan sektè lekòl la, ki gen yon frè oswa sè *sibling* ki nan klas 1ye jiska 5yèm ane nan lekòl la pou ane akademik 2012-2013;
4. Elèv ki pa abite nan distri lekòl la ki gen yon frè oswa sè *sibling* ki nan klas 1ye jiska 5yèm ane nan lekòl la pou ane akademik 2012-2013;
5. Tout lòt elèv ki abite nan distri lekòl la men ki pa abite nan sektè lekòl la.,
6. Tout lòt elèv.

Lekòl espesyalize Distri 75 : Si IEP pitit ou a pou klas Matènèl rekòmande yon klas espesyal nan yon lekòl espesyalize (Distri 75), OSE ap decide ki lekòl pitit ou a prale. Ou ka endike tout lekòl ou pito nan reyinyon IEP w la, men nou p ap garanti w ke OSE ap ka ofri w yonn nan lekòl ou pito yo.

Lekòl prive Eta a apwouve : Si yo rekòmande pou pitit ou a yon lekòl prive Eta a apwouve paske yo pa ka satisfè bezwen l yo nan yon plas nan lekòl leta, Ekip santral pou sipò *Central Based Support Team (CBST) DOE* a ap aplike nan lekòl prive Eta a apwouve onon pitit ou a.

Charter School : Elèv ki gen andikap gen dwa patisipe nan lotri tout *charter school*. Si yo aksepte pitit ou a nan yon *charter school*, *charter school* la dwe garanti ke l ofri pitit ou a pwogram ak sèvis yo endike IEP li a. Si *charter school* la ofri sèvis ki ta apwopriye pou satisfè bezwen pitit ou a, men ki pa adapte ak tou dènye IEP pitit ou a, *charter school* la dwe mande CSE a pou l òganize yon nouvo reyinyon IEP.

Enfòmasyon sou jan pou kontakte lekòl yo

SANT DIREKSYON POU DEBITAN *EARLY CHILDHOOD DIRECTION CENTERS (ECDCs)*

ECDC yo, ke NYSED te finanse, bay enfòmasyon konfidansyèl ak rekòmandasyon gratis pou fanmi ak pwofesyonèl sou sèvis pou jèn timoun yo dyagnostike oswa yo sispèk ki gen bezwen espesyal. Estaf ECDC yo disponib pou ede fanmi lè pitit yo ap fè tranzisyon pou soti nan prematènèl pou ale pran sipò ak sèvis Edikasyon espesyal pou matènèl.

| | |
|---|---|
| <p><u>BRONX ECDC</u> AHRC New York City 2488 Grand Concourse, #337 Bronx, New York 10458 718-584-0658</p> | <p><u>QUEENS ECDC</u> Queens Centers for Progress 82-25 164th Street Jamaica, NY 11432 718-374-0002 ekstansyon 465</p> |
| <p><u>BROOKLYN ECDC</u> United Cerebral Palsy of NYC, Inc. 160 Lawrence Avenue Brooklyn, New York 11239 718-437-3794</p> | <p><u>STATEN ISLAND ECDC</u> Staten Island University Hospital 242 Mason Avenue, 1st Floor Staten Island, NY 10305 718-226-6670</p> |
| <p><u>MANHATTAN ECDC</u> New York Presbyterian Hospital 435 East 70th Street, #2A New York, NY 10021 212-746-6175</p> | |

SANT PARAN POU EDIKASYON ESPESYAL *SPECIAL EDUCATION PARENT CENTERS*

Sant Paran pou Edikasyon espesyal, ke NYSED finanse, bay paran enfòmasyon ak resous pou pitit yo ki gen andikap.

| | |
|---|---|
| <p><u>BRONX & MANHATTAN</u> Resources for Children with Special Needs, Inc 116 E. 16th Street, 5th floor New York, New York 10003 212-677-4650 http://www.resourcesnyc.org/ (Ofri sèvis tou kòm PTIC onivo tout vil la)</p> | <p><u>QUEENS</u> United We Stand of New York Veye kourye pa lapòs nan adrès : 91 Harrison Ave Adrès : 98 Moore Street Brooklyn NY 11206 718-302-4313 http://www.uwsfnyc.org/</p> |
| <p><u>BROOKLYN</u> Brooklyn Center for Independence of the Disabled 27 Smith Street, Suite 200, Brooklyn, NY 11201 718-998-3000 http://www.bcid.org/</p> | <p><u>STATEN ISLAND</u> Parent to Parent of NY 1050 Forest Hill Road Staten Island, NY 10314 718-494-4872 http://www.parenttoparentnys.org/</p> |

SANT TRENING AK ENFÒMASYON POU PARAN *PARENT TRAINING AND INFORMATION CENTERS (PTICs)*

Pwogram Biwo Edikasyon espesyal Depatman Edikasyon Etazini *United States Department of Education's Office of Special Education* finanse PTIC yo pou satisfè bezwen paran timoun ki gen andikap. Men lis PTIC yo :

| | |
|---|--|
| <p>Advocates for Children of New York 151 West 30th Street, 5th Floor New York, NY 10001 866-427-6033/ 212-947-9779 http://www.advocatesforchildren.org/</p> | <p>Sinergia/Metropolitan Parent Center 2082 Lexington Avenue, 4th Floor New York, NY 10035 212-643-2840 http://www.sinergiany.org/</p> |
|---|--|

KOMITE SOU EDIKASYON ESPESYAL COMMITTEES ON SPECIAL EDUCATION (CSEs)

| CSE | DISTRI | ADRÈS | TELEFÒN/FAKS | PREZIDAN CSE |
|------------|---------------|--|---|---|
| 1 | 7,9,10 | One Fordham Plaza Bronx, New York, 10458 | Telefòn : 718-329-8001 Faks : 718-741-7928 | Rosetta BrownLee |
| 2 | 8,11,12 | 3450 East Tremont Ave., 2 nd fl Bronx, New York, 10465 | Telefòn : 718-794-7429 Españyòl: 718-794-7490 Faks : 718-794-7445 | Michele Beatty |
| 3 | 25, 26 | 30-48 Linden Place Flushing, New York, 11354 | Telefòn : 718-281-3461 Faks : 718-281-3478 | Esther Morell |
| | 28, 29 | 90-27 Sutphin Boulevard Jamaica, New York 11435 | Telefòn : 718-557-2553 Faks : 718-557-2620 | Esther Morell |
| 4 | 24, 30 | 28-11 Queens Plaza North, 5 th fl Long Island City, New York 11101 | Telefòn : 718-391-8405 Faks : 718-391-8556 | Elissa Finkelstein (Prezidan sipleyan) |
| | 27 | Biwo anèks 82-01 Rockaway Blvd. 2 nd fl Ozone Park, New York, 11416 | Telefòn : 718-642-5715 Faks : 718-642-5891 | Elissa Finkelstein (Prezidan sipleyan) |
| 5 | 19,23,32 | 1655 St. Marks Avenue Brooklyn, New York 11233 | Telefòn : 718-240-3558 Faks : 718-240-3555 | Mariama Sandi |
| 6 | 17,18,22 | 5619 Flatlands Avenue Brooklyn, New York 11234 | Telefòn : 718-968-6200 Faks : 718-968-6253 | Arlene Rosenstock |
| 7 | 20,21 | 415 89 th Street Brooklyn, New York, 11209 | Telefòn : 718-759-4983 Faks : 718-759-3905 | Claire Donnellan |
| | 31 | 715 Ocean Terrace, Building A Staten Island, New York 10301 | Telefòn : 718-420-5790 Faks : 718-420-5758 | Claire Donnellan |
| 8 | 13,14,15,16 | 131 Livingston Street, 4 th fl Brooklyn, New York, 11201 | Telefòn : 718-935-4900 Faks : 718-935-5167 | Deborah Cuffey- Jackson |
| 9 | 1,2,4 | 333 7 th Avenue, 4 th fl New York, New York 10001 | Telefòn : 917-339-1600 Faks : 917-339-1450 | Gerard Donegan |
| 10 | 3,5,6 | 388 West 125 th Street New York, New York 10027 | Telefòn : 212-342-8300 Faks : 212-342-8427 | Mark Jacoby |

Pandan ane a, n ap afiche sou sit wèb DOE a lòt enfòmasyon lè yo vin disponib. Tanpri tcheke *link* sa a regilyèman pou w jwenn nouvo enfòmasyon :

<http://schools.nyc.gov/Academics/SpecialEducation/ParentResources/Enrollment>



**Division of Students with Disabilities and English Language Learners
52 Chambers Street, NY, NY 10007**